Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 44 (7548)
3 ноябрь Хамиз
2022 сон
sadovoduns@yandex.ru
Багьа эркенаб

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

Имам ГъазимухIамад ракIалде щвеялъе

## ГIуцIиялъул суалал дандрана



Районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовасул нухмалъиялда гъоркь I ноябралда данделъун букIана гIуцIиялъул комитет. Гьениб гьоркьоб лъун букIана Дагъистаналъул тIоцевесев имам ГъазимухIамад хваралдаса I90 сон тIубаялъул тадбирал гьариялъе суалал дандрай.

Данделъиялда данрана гьеб тIобитIиялъе хIадурлъиялъул ва тIобитIиялъул. Информациягун ва тадбиралъул сценариялъул бицун данделъиялда кIалъана районалъул культураялъул отделалъул нач. ГI. ГIабдулаев ва гIуцIиялъул комитеталъул членал. Гьез тIадчIун бицана гьалбалгун дандчIваялъул, бытовиял рахъазул.

Дандеруссин тIобитIиялъе жавабиязе кьуна чIванкъотIарал тIадкъаял.

## Аппараталъул данделъи



Райадминистрациялда районалъул бетIер ГIиса НурмухIамадовасул нухмалъиялда гъоркь тIобитIана иргадулаб аппараталъул данделъи. Гьенир гIахьаллъана бетIерасул замал, отделазул начальникал, специалистал.

Данделъиялда бицен ккана администрациялда унел хIалтIабазул, хасго кIвар кьуна социалиябгун экономикияб рахъалъ район цебетIезабиялъул бутIаялде. Гьенибго бицана районалъул территориялда миллияв проектал гIумроялде рахъинариялъул, лъай кьеялъул школазда ва ясли-ахазда бугеб ахIвал-хIалалъул, культуриялгун халкъиял хIалтIабазул, туризм цебетIезабиялде кьолеб кIвараралъул.

Данделъиялъул хIасилалги данде росун жавабиязе кьуна тIадкъаял.

## ГIаданлъиялде куцазин



I ноябралда районалъул администрациялда букIана бетIер ГIиса НурмухIамадовасулги тIадеги лъай кьеялъул учреждениязул нухмалъулезулгун гьединго методкабинетазул нухмалъулезулгунги дандчIвай. Гьенир гIахьаллъана бетIерасул замал М. ХIамзатов, Къ-М. ХIасанов, районалъул лъай кьеялъул отделалъул нач. М. МухIамадов, отделазул специалистал, исламиял гIелмабазул кандидат Гъ-М. Абакаровги.

ДандчIваялъул аслияб тема букIана гIолеб гIелалъе ВатIан бокьиялъул, рухIияб ва гIамал-хасиятаалъул тарбия кьеялде кIвар буссинабиялда хурхарал суалал.

Данделъи рагьулаго районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовас кIвар кьун бихьизабуна лъай кьеялъул процессалде гьоркьобе чара гьечIого росизе ккола моралиябгун этическиял ва гIамал-хасияталъул кьиматал жал, гьел аслиял кколин гIадан гIаданлъун гIеялъе ва хадубккунги лъикIлъиялъул факторал гьесулъ щулалъиялъе.

Къокъго абуни дандчIвай ана гарачIвариялъул форматалда, гьенирго цере лъурал масъалаби тIуразариялъе нухал рихьизаруна.

ЗахIматаб заманалда -кумек

## Хъизаназе кумекгун



Лъалеб букIахъе Унсоколо районалда районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовасул хIаракаталдалъун гIуцIун буго «Мы вместе»,-абураб штаб. Гьелъул аслияб мурад буго ВатIан цIунизе аразул хъизаназе кумек гьаби. Гьал къоязда штабалъулал дандчIвана гьединаб лъабго хъизангун. ЦIехана гьезда хъизаналъул бугеб хIал, хIажалъаби. Щибаб хъизаналъе кьуна 7000 гъурущалдаса гъоркье ккечIел продуктабазул наборал.

Гьенибго бихьизабуна нухмалъиялдасан кинаб букIаниги кумек хIажалъани, гьабизе бугилан.

## Рагъухъабазе – хинаб ретIел



Дагъистаналдаса иргадулаб гуманитарияб кумек битIана гьал къоязда Украиналда рагъулел аскаразе. Республикаялъулаз гьенибе битIун ана 800 пара хинал резиналъул сапожкаби, термобельё, хинал тIагърал, квердахелал, жаниса хин гьарурал кьижулел мешкал.

**Ахихъан**

Районалъул газета
№ 44 (7548)
Хамиз
3 ноябрь 2022 сон

2 гьумер

**Расул ХIамзатовасул сборник**

Дагъистаналда хIадурлъи гьабулеб буго Р. ХIамзатовасул афоризмазул сборник къватIибе биччазе. Гьеб бухьинабун буго поэтасул 2023 соналда букIине бугеб I00 сон т1убаялда.

С. Меликовас тIадчIей гьабуна: «Нилъее – дагъистаналъулазе хIажат буго гьесул творчествалъул асаразда гIолеб гIел куцазе. Гьес рихьизарулел ценностазул кIудияб кIвар буго жакъа гIадинаб магIна гьечIеб заманалда. Р. ХIамзатов гIадал гIадамаз кидаго цолъизаруна нилъ»,-абун.

Тарих: нилъер ракьцояв

# Дагъистаналъул басмаялъе кьучI лъуна МахIач Дахадаевас

Жеги I9I7 соналъул 3 апрелалдего Темир-Хан-Шураб магIарул мацIалда гIажамалъ бахъизе байбихьана «Заман» газета. Гьеб биччалеб букIана Написат Дахадаевалъ, Шамил имамасул васасул ясалъ. Редакторлъун вихьизавун вуго ИшкъартIаса Файзулагьил МуртазахIажи. ХIакъикъаталда газеталъул бетIерлъун вукIана живго М. Дахадаев, Написатил рос. Гьеб нилъеда бихьула тIоцебесеб номералъе гьес хъвараб бетIераб макъалаялдасанги.



Гьебго цIаралда гIурус мацIалда газета бахъизе байбихьана I9I7 соналъул 27 апрелалда. Гьелъул тIоцебесеб номерги букIана Написатица биччараб. Хадуб гьеб Д. Поцхверасул ихтияралде ккана. «Заман» бахъулеб букIана лъарагI мацIалдаги.

Гьел газетазул къадруги цIикIкIараб букIана, риччалаан МухIамад-Мирза Мавраевасул типографиялда. Гьев гьелъие разилъуларогоги вукIана, щайгурелул гьесие бокьана жиндирго газета биччазе, тIубан рекъолароан гьев «Заманалъул» макъалабазул магIнаялдаги. Гьес бахъизе байбихьана «Аваристан» газета.

Жамалудин Къоркъмасовасул пикруялда рекъон, I9I7 соналда Дагъистаналда печаталъулъ лъугьана кIиго классикияб рикьи: гIуцIана рекьарухъабазул, батраказул, хIал-тIухъабазул печать; бижана бегазул, дворяназул, помещиказул, рухIаниязул печатги. Гьесул рагIабазда рекъон, I9I7 соналъул тIолабго къеркьей аслияб куцалда унеб букIана печать гьоркьоб ккун.

ТIоцересезул, ай цIикIкIарисеб къадар халкъалъул мурад цIунулеб букIана «Заман» газеталъ. Гьединлъидал, дир пикруялда, гьеб газета бахъараб къо – I9I7 соналъул 3 апрель рикIкIине ккола магIарулазул газеталъул тарихалъул байбихьилъунги.

Кинаб букIараб «Заман» газета? Щиб гьелда хъвалеб букIараб?

ТIоцебесеб номералъул бетIераб макъалаялда М. Дахадаевас хъвалеб буго:

«Чанго соналъ дица хIаракат бахъулеб букIана авар ва лъарагI мацIазда газетал рахъизе, гIадамаз лъикIалъулги квешалъулги пикру гьабизе рес кьезелъун. Амма «цIодорал» чиновниказул ва сенаторазул квал-квалаз дун гьеб мурадалде щвезе течIо.

Гьелъие аслияб гIиллалъун букIана гьезул хIинкъи, нагагьлъун халкъалда жиндие пайдаяб ва квешабщинаб лъани, пачалихъалъулал ишал ричIчIани, гьелъ тIолабго ихтияр жиндихъего босизе букIиналда хIинкъи. Лъелъ гьанкъараб, турараб гама гIадаб, тIаса рехараб пачаясул хIукуматалъ Дагъистаналъе нухмалъи гьабулеб букIана гьелъул халкъ кидаго бецIлъиялда гьоркь хутIулеб къагIидаялъ ва сверухъ щибго бихьулареб хIалалда чIезабуледухъ. Дун божулаан кида-къадги гьеб хIукумат борохь гIадин чIинтIизе букIиналда.

ГIемер заман инчIо лагълъиялда, зулму-хIалалда рукIарал бетIерлъиялде рачIаралдаса, ханлъиялда рукIарал къезаруралдаса. Пачалихъалъ кидаялиго халкъалъул горбода бан букIараб квар гьанже кIицIулго жемун буго гьелъул жиндирго щокъроб. Гьединлъидал рес щвана рахьдал мацIазда газетал рахъизе. Биччанте цебеккун бихьулареб букIараб бихьизе; биччанте цебе лъалеб букIинчIесда лъазе; виччанте вохизе цевеккун гьеб вохи рагIунго букIинчIев.

Халкъалъ къимат кьезе ккола гьаб хасаб мурад гьорлъ гьечIеб захIматалъе, бичIчIизе ккола гьелда пайдаяб ва заралияб, лъазе ккола лъикIлъи ва квешлъи батIа бахъизе…»

«Россиялда лъугьа-бахъинал» абураб макъалаялда МахIачица хъвалеб буго: «ГIасрабазулаб, гIаркьалаби гIемераб пачаясул зулмуялъул гьветI кьолболъан турараб батана… биччанте гьеб киданиги цIилълъунгутIизе…»,-абун.

Пачалъи тIаса рехизе гIиллалъун Дахадаевасда бихьулеб буго «пачаяс, гьесул хъантIарал министраз, гьес тарал чиновниказ халкъалда зулму гьаби, хIехьезе кIоларел налогал лъей… «Балагьалъул кIкIалахъе халкъ рехулеб букIин…».

«Халкъалъул сабру лъугIидал, гьелъ зулмучагIи жалго рехана жидеего гьез хIадурун букIараб кIкIалахъе…»

«Петроградалъул ва Москваялъул хIалтIухъаби рахъана къватIазде ва лъазабуна жидер тушман пачаясул хIукумат кколилан. Цогидал халкъазги гьезул рахъ ккуна. Турараб хIукумат божун букIана аскаразда, амма гьезги хIалтIухъабазул рахъ ккуна…»

«Щиб нилъеда лъазе кколеб?»,-абураб макъалаялда М. Дахадаевас рагьулеб буго цебеккун Дагъистаналда букIараб хIал.

«ЖакъалъизегIан нилъ рукIана пачаясул хIукуматалъул ханлъиялда гьоркь. Гьелъ кверщел гьабулеб букIана нилъер рухIазда ва черхазда. Нужго ралагье нахъехун – кин араб нилъер гIумро? Пачаясул хIукуматалъ гьукъулел рукIана диниял гIадатал хIалтIизаризе, нухал къан рукIана лъаялде, къокъго абуни, гьелъ щибго пайдаяб жо гьабулеб букIинчIо халкъалъе. БукIинесеб лъикIаб гIумроялъул гьуинлъи лъайдал, нилъеда бичIчIизе буго цебесеб гIумроялъул кьогIлъи.

Нужеца киданиги пикру гьабуге гьеб лъикIлъи гьадинго, бигьаго щвараб бугилан. Халкъалъул эркенлъиялъе гIоло нус аза-азар чияс гIумру кьуна, нус аза-азар чи Сибиралде ритIана, туснахъазда туризаруна.

Киналго рукIине ккола гъункун, цоцалъ регьарал гIадин цолъун, кIочон тезе ккола миллатазда гьоркьосел рагIи дандеккунгутIиял, цоцазда божунгутIи, цоцаздехун рокьукълъи, биччазе бегьуларо цогидаздехун хъамалчилъи, адаб-хIурмат гьабизе тIадаб буго цоцазул, гIисиназ цIикIкIаразул, дагьал хадур рилъине ккола гIемерисезда…»

ГьечIищха гьел рагIаби жакъа нилъедехун вуссун МахIачица абурал гIадал?

Гьанже Дагъистаналда лъугьун бугеб ахIвал-хIал доб мехалъго жинда бихьараб гIадаб калам цIакъго якъинго загьир гьабун буго «Дагъистаналъул халкъалъе» абураб хитIабалда. Гьениб рагIула МахIач Дахадаевасул рекIел ахIи: «Борхун гьаракьгун ракI-ракIалъго хитIаб гьабула нужеде. Дир дагьалго саназул гIемерисел дица сайгъат гьаруна халкъалъул эркенлъиялъе гIоло къеркьеялъул ишалъе. Гьеб эркенлъи жакъа нужее щвана.

Дица дирго намусалъул ишлъун рикIкIуна нужеда лъазабизе: пачаясул рукIарал чукъбуз жигаралда хIаракат бахъулеб буго цояб халкъ цогиялде гьусизе, нужеда гьоркьоб тушманлъи бекьизе, батIи-батIияв гьересиял харбал тIиритIизаризе. Лъавукъал гIадамал гьез тIамулел руго цебесеб (пачаясулаб) хIукумат тIад буссинабизе хIажат бугин ахIдезе. Гьел чукъби, хIинкъиялъ, жалго цере рахъунел гьечIо, нужехъе гьез ритIулел руго кIкIалахъе нуж рехизе къачIарал жидерго чагIи.

Гьединал чагIи (агентал) Дагъистаналда руго бусурбабазда гьорлъги, гIурусазда гьорлъги, гьел борхьал гIадин, женжедилел рукIана нужеда гьоркьор. ЦIодорлъи гьабе, рикIкIалъизаре нужедасаго…»

Киналго гьел МахIачил макъалаби руго «Заман» газеталда рахъарал. ГIемерисезда гьеб ва гьесул макъалаби лъалел рукIинчIелъул, дагьаб гIатIидго кьуна. Щиб гьезулъ халкъалъул мурадазде данде кколареб жо? Щай нилъеца «Заман» рикIкIине кколеб магIарулазул газетазул тарихалъул байбихьилъун.

**ГIали КАМАЛОВ**

**Ахихъан**

Районалъул газета
№ 44 (75448)
Хамиз
3 ноябрь 2022 сон

3 гъумер

# Садовод

Страница в номере



# Уважаемые налогоплательщики, Межрайонная ИФНС России №10 по Республике Дагестан обращает Ваше внимание, что 1 декабря 2022 года наступают сроки уплаты гражданам - физическими лицами налога на имущество физических лиц транспортного и земельного налогов за 2021 год.

Заплатить имущественные налоги (налог на имущество физ. лиц, земельный и транспортный налог) необходимо не позднее 1 декабря 2022г. уведомления будут направлены налогоплательщикам не позднее 30 рабочих дней до наступления срока платежа.

Обращаем ваше внимание, что перечень льготных категорий налогоплательщиков остался прежним. При этом льготы будут предоставляться в отношении одного объекта недвижимого имущества каждого вида, который должен быть выбран самим налогоплательщиком.

Напоминаем, что в случае неуплаты налогов в установленный срок должникам начисляются пени и применяются меры принудительного взыскания. Информацию о задолженности так же можно узнать, подключившись к интернет – сервису «Личный кабинет налогоплательщика для физических лиц», расположенного на сайте ФНС России (www.nalog.ru) или через Единый портал государственных услуг (www.gosuslugi.ru).

Для получения логина и пароля к сервису «Личный кабинет налогоплательщика для физических лиц» налогоплательщику необходимо лично обратиться в любую ИФНС России независимо от места постановки на учет с документом, удостоверяющим личность, и свидетельством о постановке на учет физического лица (ИНН). С помощью данного сервиса Вы сможете контролировать свое состояние расчетов с бюджетом, а также оплачивать имущественные платежи.

МРИ ФНС России № 10 по РД призывает граждан проявить гражданскую сознательность уплатить имущественные налоги в срок и в полном объеме, поскольку поступление от уплаты указанных налогов формируют бюджет нашего района, республики и страны в целом и являются основой социального и экономического развития нашей страны , а именно содержание школ, детских садов, больниц, дорог, благоустройство парков, детских площадок и т.п.

Выражаем искреннюю надежду, что обязанность своевременно платить налоги станет нашей цивилизованной привычкой.

## До 28 февраля 2023 года физические лица имеют возможность сообщить о своих счетах и вкладах в заграничных банках

Уважаемые налогоплательщики!

С 14 марта 2022 года по 28 февраля 2023 года Федеральная налоговая служба осуществляет прием специальных деклараций в рамках четвертого этапа добровольного декларирования в соответствии с Федеральным законом от 08.06.2015 № 140-ФЗ «О добровольном декларировании физическими лицами активов и счетов (вкладов) в банках и о внесении изменений в отдельные законодательные акты Российской Федерации» (в редакции от 09.03.2022).

Декларант вправе лично или через уполномоченного представителя подать специальную декларацию в любом территориальном налоговом органе или в центральном аппарате ФНС России.

Декларация подается в двух экземплярах.

Форма специальной декларации и порядок ее заполнения и представления размещены на официальном сайте ФНС России в разделе «Специальная декларация»

Внимание! Не считаются поданными специальные декларации, отправленные по почте.

До 28 февраля 2023 года физические лица имеют возможность сообщить о своих счетах и вкладах в заграничных банках, ценных бумагах, долях участия в иностранных организациях, а также о контролируемых иностранных компаниях. В рамках четвертого этапа могут быть задекларированы и другие финансовые активы, например, производные финансовые инструменты. Также физические лица вправе задекларировать наличные деньги при условии, что положат их на счёт в российском банке в течение 30 дней со дня представления декларации. При декларировании транспортных средств указываются сведения об их перерегистрации в соответствующих государственных реестрах Российской Федерации.

В рамках четвертого этапа добровольного декларирования сохраняются гарантии освобождения декларанта и (или) лица, информация о котором содержится в специальной декларации, от уголовной, административной и налоговой ответственности при условии зачисления денежных средств и финансовых активов на счета в российских банках и организациях финансового рынка.

ФНС России обеспечивает режим конфиденциальности содержащихся в специальной декларации сведений, не вправе передавать их третьим лицам и государственным органам и использовать для целей осуществления мероприятий налогового контроля.

ТЕЛЕФОН «ГОРЯЧЕЙ ЛИНИИ» **8 (800) 222-22-22**




## В заполнении платежных документов поможет электронный сервис

Заполнение платежных документов при уплате госпошлин требует особого внимания. В платежном документе необходимо указать свои реквизиты и реквизиты госоргана, который администрирует пошлину, а также КБК и другие данные о платеже.

Значительно упростить процесс заполнения платежного документа позволяет электронный сервис на официальном сайте ФНС России «Уплата госпошлины» в составе группы сервисов «Уплата налогов и пошлин».

Сервис максимально автоматизирован и оснащён подсказками. С его помощью можно сформировать платежный документ на уплату всех видов пошлин, администрируемых налоговыми органами, распечатать его или перейти к уплате.

Он ориентирован на конкретную категорию плательщика и расположен в каждом из соответствующих разделов:

* «Физическим лицам»,
* «Индивидуальным предпринимателям»,
* «Юридическим лицам».

В зависимости от выбранного раздела автоматически определяются статус плательщика и виды пошлин, подлежащих уплате.

Порядок заполнения платежных документов при переводе денежных средств в бюджетную систему Российской Федерации установлен приказом Министерства финансов Российской Федерации от 12.11.2013 № 107н «Об утверждении Правил указания информации в реквизитах распоряжений о переводе денежных средств в уплату платежей в бюджетную систему Российской Федерации».

Спорт

# Турнир тIобитIана



Дагъал церегIан къоязда Унсоколо районалъул ХъахIабросулъ тIобитIана районалда тIоцеве вахъарав эркенаб гугариялъул рахъалъ СССРалъул спорталъул мастер, сахлъи цIуниялъул гIелмияв кандидат ГIисалмухIамадов ГIабдурахIман ГIисалмухIамадович ракIалде щвеялда хурхун волейболалъул турнир. Турниралда гIахьаллъи гьабуна кинабниги I2 командаялъ. Гьениб хаслъи букIана, жиб-жиб командаялда гIахьаллъизе бегьулаан Дагъистаналъул бищунго лъикIаздаса-лъикIал кIи-кIи спортсмен. Гьелъ балагьаразеги жалго спортсменазеги лъикIаб асарги гьабуна.

Турнир халат бахъана кIиго къоялъ. КIи-кIи нухалъ къварал нахъе ана. Ахиралда финалалда дандчIвана бищунго къуватаб 4 команда. Лъабабилеб ва ункъабилел бакIазе хIазе ккана «Имамат» ва Рихьуни росдал тIаса рищарал командаби. ХIалуцараб къецазда «Имамат» мустахIикълъана лъабабилеб бакIалъе. Хадур цере рахъана бищунго мустахIикъал МахIачхъалаялъул «Адаб» ва цIетIендерил командаби. Бергьенлъи босун тIоцебесеб бакI щвана «Адабалъе».

АбичIого гIоларо 20I6 соналъги ХъахIабросдал спорталъул ветераназул хIурматалда тIоритIарал турниралдаги «Адаб» командаялъ ккун букIана тIоцебесеб бакI. Цересел бакIал ккуразе ва спортсменазе кьуна шапакъатал ва гIарцулал сайгъатал.

Турниралда гIахьаллъи гьабуна ДГМУялъул I0 гIанисев хIалтIухъанас, районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовас, росабазул бутIруз, имамзабаз ва жавабиял хIалтIухъабаз. АхIун рукIарал спорталъул ветераназе, кумек гьабуразе кьуна Баркалаялъул кагътал. Гьеб турниралъе аслияв квербакъарав чи ккола ГI. ГIалискандиев ва М. МирзахIажиев. Гьев живгоги ккола джиу-джитсуялъул рахъалъ дунялалъул чемпион.

АбичIого гIоларо, гьеб турнир гIуцIиялъул аслияб бакIлъи тIаде ккарав чи ккола ХъахIабросулъа Рапигулиев Абакар. Гьесул команда кколаан турниралда тIоцебесеб бакI ккураб «Адабги». Гьеб 20I6 соналъ тIобитIараб турниралдаги Абакар вукIана аслияв гIуцIарухъан.

КIиябго къоялъ гьеб турнир нухда бачунев ва бетIерав судьялъунги вукIана Дагъистаналдаго жив лъикI лъалев, Гумбет районалъул Лъанлъари росулъа МухIамадов КъурамухIамад – Дагъистаналъул I категориялъул судья. Судги гьабуна гьес ритIухъаб куцалда.

КIиябго къоялъ Мурадица спортсменалги, тIаде рачIарал гьалбалги кванидалъун хьезаруна. Дун чанго бакIаздеги щвана, къецалги рихьана, амма гьениб гIадаб гIуцIадго, берцинго, гъираялда тIобитIараб турнир дида бихьичIо.

Аллагьас къуват кьеги нилъее лъикIаб гьабизеги, квешаб тезеги.

**С. МУХIАМАДОВ.**
**Нижер мухбир.**

# Дагьабго гьими

* * *

-Дада, дуда хъахIал расал щай раккарал?,-ян гьикъула инсуда васас.

- Дуца малъараб гьабичIогоха,-ян абула инсуца.

-Агьа бичIчIана, кIудияв инсуда додигIан гIемерал хъахIал расал щай раккаралали,-ян гьимула вас.

* * *

-КигIан лъикIха дир вас мун гIодун вахъарав,-ян абула гIодун хадув вуцIцIарав васасда эбелалъ.

-Дун гIодун вахъинчIо, дица гьоркьоб хIухьбахъи гьабулеб буго,-ян жаваб кьола васас.

* * *

ГIурдада кваналел чуги хIамаги бихьараб мехалъ васас эбелалда абула:

- Балагье кIудияб чол гIисинал гIундул руго, гьитIинаб хIамил чIахIиял гIундул руго. Гъоз гIундул хисунищ ругел, эбел?

Пайдаяб малъи

# Цадахъ рекъоларел продуктаби

Сахаб кванида чIаразе ва тIеренлъизе бокьаразе макаронал цебегоялдаса нахъе рикIкIунел руго заралияллъун. Амма гIемерисел халкъазул кухнялда гьел хIалтIизарула. Макаронал италиялъулаз ва французаз кванала къасеги къадги ва гьелъ сахлъиялъегун фигураялъе заралги гьабулеб гьечIо. Гьединлъидал иш батизе буго цойги батIиял продуктабазулъ.

**Макаронал ва гени**. Гьезул пайдаял жалаз цоцазе квал-квал гьабулеб буго. Гьединлъидал цадахъ кванани гьел продуктабаз чехь гьорозабизе рес буго.



Гьеб гуребги гьеб кIиябго продукт цадахъ букIиналъ тIаде гьан бахинабула.

**ХIан ва гьан.**

Гьел продуктабазулъ руго цIикIкIараб къадаралда белок. Амма гьезулъ руго кьариял кислотабиги, гьелъ цIикIкIараб зарал гьабула цадахъ ругони, захIмалъула бигьинабизе ва кванил ро къоб бакIлъи лъугьинабула.

**Охцерал, капуста ва мехтулел жал.**

Къасде бахчабазул



культурабазул салат кваналеб бугони, мехтулел жал гьекъоге. Гьединаб сочетаниялъ захIмалъизабула $В_I$ витамин регьинабизе. Гьеб бигьинабулеб гьечIони, сундуе гIоло нужеца салатал кваналел!

**Ханал ва картошка**

Картошкаялъулъ руго батIи-батIиял минералал. Ханазулъ букIунеб кальция ва железа хIалтIизабиялъе гьелъ квал-квалалги гьарула. Гьединлъидал картошкаги ханалги кваназе ккола батI-батIаго.

**ЧугIа ва ханал**

Кьарияб сорталъул ччугIилъ



букIуна $Б_7$ витамин, гIанкудал ханилъ букIунеб овидла хвезабулеб. Гьединго ханал данде кколаро пулагун, гьелъулъги букIунелъул $Б_7$ витамин.

**«Целительница» газеталдаса**

**Газета основана 1937 г.**

**УЧРЕДИТЕЛЬ:**
**Администрация Унцукульского района**

**Главный редактор**

**КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА**

**Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД**

**Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.**

**Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.**

**Адрес редакции:**
**51373**
**Унцукульский район**
**п. Шамилькала**
**ул. М. Дахадаева 3**
**Телефон редактора**
**89896522856**
**sadovoduns@yandex.ru**
**398940**

Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать - 22.11.2022 г.
16. 50
фактически -17. 35 мин.
........................................
Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 988 экз.